# JAŃA RENESSANS MÚMKINSHILIKLERI

***Niyazberdiev A.***
*Ájiniyaz atındaǵı NMPIdiń Túrkiy tiller fakultet qaraqalpaq tili hám ádebiyatı qánigeliginiń 2-kurs talabası*
*Илимий басшысы: Темирбекова А.О.*
*НМПИ доценти ў.а., (PhD)*

**Tayanch so'zlar:** renessans, yangi O'zbekiston, yangi davr, O'zbekiston madaniyati, madaniy qudrati, tiklanish.

**Ключевые слова:** ренессанс, новый Узбекистан, новая эпоха, культура Узбекистана, культурная мощь, возрождение.

**Key words:** renaissance, new Uzbekistan, new era, culture of Uzbekistan, cultural power, revival.

Renessans –francuz tilinen alınǵan bolıp, "tikleniw" degen mánisti bildiredi. Renessans Evropada XIV-XVI ásirlerde bolıp ótken Oyanıw dáwiri esaplanadı. Oyanıw dáwirinen aldıngı orta ásirlerde kóp nárseler biykar etilgen. Oyanıw dáwirinde bolsa tálim rawajlanǵan sawda-satıq , kórkem - óner, muzika, ádebiyat hám pán rawajlanǵan. Oyanıw dáwiri Evropanıń pútkil turmıs tárizin ózgertip jiberdi. Bul waqıtqa shekem qalalar júdá kem bolǵan. Pútkil sociallıq ómir ricarlar qorǵanında yamasa episkoplar saraylarında jıynalǵan. Evropa shaxzada yamasa knyazlar tárepinen basqarılǵan sansız mámleketliklerge bólinip ketken. Oyanıw dáwirinde turmıs pútkilley ózgergen Sawda-sanaat hám kommerciyanıń rawajlanıwı menen qalalar tez óse basladı. Kóp sanlı kishi mámleketlikler ornına úlken mámleketler payda bola basladı. Oyanıw dáwiriniń eń joqarǵı shıńá dáslep Italiya erisken. Sońı Evropanıń basqa mámleketlerde rawajlanǵan. Italiya dóretpeleri bizlerdi elege shekem bizlerdi tań qaldırıwda. Olardıń arasında Leonardo da Vinchi, Mikelanjelo, Rafael, Botichelli , Chelli sıyaqlı ullı súwretshiler toparı payda bolǵan.

Oyanıw dáwiri – Oraylıq Aziya, Iran, Qıtay hám Batıs Evropada IX-XII ásirlerde payda bolǵan. Renessanstıń tiykarǵı belgileri:

Oylawda hám ilimde dogmatizm, nadanlıq hám dinge berilgenlikti jarıp ótip, insandı kótermelew, onıń uqıbı , intelektual pikirlew múmkinshiliklerin júzege

shıǵarıw, áyyemgi dáwir mádeniyatın qayta tiklew, shirkew sxolastikasınan qutılıp, insan erki, erkin pikirlewi ushın gúresiw.

"Búgingi kúnde pútkil xalqımızdıń qálbinen orın alǵan, ullıwma milliy háreketke aylanıp atırǵan "Jańa Ózbekstan" ideyası tiykarında áne sonday ata-babalarımız, ullıwma alǵanda milliy tariyxımızda Birinshi hám Ekinshi Oyanıw dáwirine tiykar salǵan babalaımızdıń arzıw-umtılısları hám ármanları ámelge astı" ,- dedi mámleket basshısı.

Ózbekstan diyari áyyemde eki ullı oyanıw dáwirine – Birinshisi IX-XII ásirdi óz ishine alǵan bolsa, Ekinshisi XIV-XV ásirler bolǵan. Dúnya bilimlendiriw sistemasındaǵı global tendensiyalar pedagogika iliminiń ózine tán ózgeshelikler menen rawajlanıwına alıp kelmekte. Túrli tarawlar sıyaqlı tálim-tárbiya tarawında da úlken ózgerisler, jańalanıwlar júz bermekte. Pedagogika iliminiń jańa tarawları, baǵdarları, jańa koncepciyaları júzege kelmekte. XXI-ásir dúnya bilimlendiriw sistemasındaǵı global tendensiyalar: bilimlendiriwdiń barlıq xalıqlar ushın ashıqlıǵı onıń basqıshları hám dárejeleriniń úzliksizligi hám dawamlılıǵın támiyinlew; oqıw orınlarınıń avtonomlıǵın támiyinlew hám óz betinshe jumıs islewge múmkinshilik jaratıw; barlıq bilim alıwdı qálewshilerdiń bilim alıwǵa bolǵan huqıqların támiyinlew; bilimlendiriw xizmetleriniń bazarın keńeytiw hám studentlerdiń sociallıq quramın ózgertiw; shaxsqa tálim alıw huqıqınıń tolıq támiyinleniwi (hár bir insanǵa milleti, jınısı, kelip shıǵıwınan qaramastan qálegen túrdegi tálim shólkeminde tálim alıwı); rawajlanıwdan arqada qalǵan mayıp balalarǵa tálim-tárbiya beriwdiń qosımsha resursların izlestiriw.

Ǵarezsizligimizdiń sharapatı menen jáhánge júz burǵan Ózbekstan Respublikası ushın búgin dúnyadaǵı rawajlanǵan sırt el mámleketleriniń bilimlendiriw tarawındaǵı tájiriybelerin úyreniw hám bizge maqul kelgen táreplerinen paydalanıw imkaniyatları júdá keń bolıp bul baǵdardaǵı mámleketimizde alıp barıp atırǵan jumıslar dıqqatqa ılayıq. Tómende rawajlanǵan sırt el mámleketleri bilimlendiriw sisteması rawajlanıwınıń tiykarǵı bagdarları hám ózine tán ózgeshelikleri, olardıń is tajiriybeleri haqqında sóz etemiz.

Ekinshi renessans dáwiri manǵol basqınshılıǵı sebepli anaǵurlım dárejede siyreklesken edi, soń rawajlanıw Sahıpqıran babamız Amir Temur hám temuriyler dáwirinde óz shıńına jetken. Bul Shıǵıs Oyanıw dáwiri Alisher Nawayınıń zamanına shekem sozadı. Bul orında Javoharlal Neru Baburdı da Renessanstıń tipik wákili dep bahalaydı.

Birinshi renessans dáwirinde elimizden Ulıǵbek, Ferǵaniy, Xorezmiy, Farabiy sıyaqlı ullı ata-babalarımız dúnyanı jarıttı. Máselen, tariyxshı, ullı astranom ,alım Mırza Ulıǵbek Samarqand qalasında úlken rasadxana qurıp, 1018 juldızdıń jaylasıw ornın belgilep bergen. Ekinshi Renessansta Ulıǵbek, Ǵiyosiddin Jámshid Koshiy, Lutfiy, Jamiy, Nawayı hám arxitektorlar, tariyshılar pútkil dúnyanı lal qaldırǵan.

Hár eki Renessans dáwirinde biz dúnyanıń jetik xalıqlarınan biri bolǵanbız. Eger sonday dárejege erisetuǵın bolsaq , biz úshinshi renessantı ámelge asırıwımız dárkar. Prezidentimizdiń baslaması menen biz jaslar ushın erteńgi kún ómirimizde hám jámiyetimizde múnásip orın iyelewimiz ushın birqansha ilajlar jolǵa qoyıldı. Jaslar haqqındaǵı siyasat tálimniń úzliksizligine emes, bálkim úzliksiz tárbiyaǵa baylanıslı. Biz ǵana mısal prezident mektepleriniń , ataqlı insanlardıń atı menen atalǵan dóretiwshilik mekteplerdiń ashılıwın aytıp ótiw maqsetke muwapıq" Ózbekstan Respublikasınıń "yoshlarga oid davlat siyosati tóǵrisida"gi qonuni, Ózbekstan Respublikasınıń 2017-jılı 7-fevraldaǵı "Ózbekstan Respublikasın ele de jóne de rawajlandırıw boyınsha Háreketler strategiyası haqqında"ǵı , 2017-jılı 5-iyuldaǵı " Jaslarǵa baylanıslı mámleket siyasatı samaradorligin asırıw hám Ózbekstan Jaslar awqamı jumısın qollap-quwatlaw haqqındaǵı" . 2018-jılı 25-yanvardaǵı "Ulıwma orta, orta arnawlı hám kásip-óner tálim sistemasın túpten shólkemlestiriw boyınsha" pármanları, sonday-aq kóplep qarar hám jaslarǵa baylanıslı basqa da nızam hújjetlerinde belgilengen. Jurt bashımız bizlerge bildirip atırǵan isenimin aqlaw ushın imkaniyatlardan ónimli paydalanıp, elimizdiń ele de gúllep-jasnawı ushın kúsh-jigerimizdi jumsap háreket etiwden toqtamawımız zárúr.

Usınıslar:

1.Ulıwma orta bilim beriwdiń orta basqıshın (X-XI klaslarda) pedagogikalıq klaslardı shólkemlestiriw mexanizmlerin islep shıǵıw hám jedel ámelge asırıw.

2.Joqarı bolǵan jaslardı anıqlaw hám de olardı maqsetli tayarlaw hám tárbiyalap barıwdıń úzliksiz sistemasın engiziwge jeterlishe itibar qaratılmay atır. Bul máseleni tabıslı sheshiw ushın zárúrli sharalardı kóriw kerek.

**Ádebiyatlar:**


1. Abdullaeva O. "Ózbekstanda jańa oyaniw- úshinshi Renessans" , " Xalıq sózi" gazetası, 2020
2. Ílayıqov O. "Yangilanayotgan Ózbekstan - úshinshi Renessans. Proceedings of Global Technovation second International Multidisciplinary Scientific Conference Hosted from London, Ol.K. December 28th, 2020. https: conferencepublication.com.
3. Pedagogika enciklopediyası. I bet. Juwapker redaktor R.Saparova. "Ózbekstan Milliy ensiklopediyası" Mámleket ilimiy baspası, 2015.



**РЕЗЮМЕ**

Ушбу мақолада янги Ренессанс даврининг имкониятлари ҳақида сўз юритилган.Шунингдек, учинчи ренессанс даврида амалга ошириладиган таълим соҳасидаги ислоҳотларнинг мақсади ва вазифалари юзасидан таклиф ва тавсиялар берилади.

**РЕЗЮМЕ**

В данной статье говорится о возможностях нового периода Возрождения. Также даются предложения и рекомендации относительно целей и задач реформ в области образования, которые будут реализованы в период третьего Ренессанса.

**SUMMARY**

This article talks about the possibilities of the new Renaissance period. Suggestions and recommendations are also given regarding the goals and objectives of reforms in the field of education that will be implemented during the third Renaissance.